



Pou Piblikasyon Imedya: 27/07/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON PLAN POU PWOTEJE AKSÈ BENEFISYÈ  
SNAP YO A MACHE FÈMYE YO**

***Inaksyon gouvènman federal la t ap fè 2.8 milyon Nouyòkè pa kapab sèvi avèk  
alokasyon SNAP yo pou achte fwi ak legim fre nan mache fèm yo***

***Akò Eta New York la avèk Novo Dia garanti patisipan yo nan SNAP kapab sèvi  
avèk alokasyon EBT yo nan mache fèm yo nan New York***

***Solisyon sa a ap prepare teren an pou mache fèm yo nan 49 eta kapab kontinye  
transaksyon SNAP yo***

***Gen prèske 3.4 milyon dola alokasyon SNAP ki pase nan plis pase 221,000  
tranzaksyon nan New York, sa ki bon pou fèm lokal yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Eta New York ak Federasyon Mache Fèm New York la (Farmers Market Federation of New York) siyen yon akò avèk vandè aplikasyon mobil Novo Dia Group la, pou pèmèt benefisyè Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman tè an (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) kontinye sèvi avèk alokasyon yo nan mache fèm yo toupatou nan eta a pandan rès sezon mache fèm yo. Pi bonè mwa sa a, Gouvènè Cuomo te pibliye yon [lèt](#) bay Sekretè Depatman Ameriken Agrikilti a (United States Department of Agriculture, USDA) Sonny Perdue pou mande yon aksyon federal sou kesyon sa a.

“New York p ap kanpe san li pa fè anyen pandan enkonpetans gouvènman federal la ap retire manje nan bouch Nouyòkè yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sa se senpleman yon lòt egzanp agresyon Administrasyon Trump ap kontinye fè a sou moun ki gen plis bezwen yo nan nasyon an. Pandan gouvènman federal la ap lonje kontra bay yon konpayi li pa menm teste epi k ap sèvi avèk teknoloji demode, nou pral kontinye pwoteje non sèlman rezidan ki pi frajil nou yo, men fèm yo k ap travay di nou yo tou.”

Dènyèman, Depatman Ameriken Agrikilti a te akòde nouvo kontra a ki ofri ekipman ak sèvis Transfè Alokasyon Elektwonik (Electronic Benefits Transfer, EBT) SNAP pou mache fèm yo bay yon konpayi ki pa kapab fè tranzaksyon mobil, sou selilè, epi konsa te anpeche plizyè santèn milye fanmi ki nan bezwen gen posibilite achte fwi ak legim fre, nitritif, ki kiltive lokalman. San teknoloji ranplasman anplas, epi san prevwayans gouvènman federal la pou li pare davans pou sityasyon sa a, ni fèm yo

ni benefisyè SNAP yo t ap souffri. Novo Dia Group, ki te travay avèk USDA pou elabore teknoloji mobil selilè ki pèmèt mache fèmme yo aksepte kat alokasyon SNAP yo pou acha, te endike li pa t kapab kontinye nan biznis ankò poutèt USDA pa t kontinye ba li soutyen.

Anplis de sa, USDA pa t mete eta ki t ap sibi konsekans yo okouran pwoblèm sa a. Touswit apre li te vin aprann oubli flagran sa a, Eta New York te kòmanse travay avèk Federasyon Mache Fèmme New York la ak lòt eta ki sibi konsekans yo pou fòmile yon solisyon.

Kontra akoutèm Eta New York la avèk Novo Dia pral ofri aksè san rete pou benefisyè SNAP yo pou yo kapab kontinye achte nan mache fèmme yo, epi an menm tan sa ap bon pou fèmme lokal nou yo pandan sezon pi chaje yo a. Devan inaksyon USDA a, Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la (New York State Department of Agriculture and Markets) ak Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) pral kontinye travay sou yon solisyon pi pèmanan.

Kontra sa a poze baz yo tou pou lòt eta yo ki konte sou tranzasyon sou selilè nan mache fèmme yo pou kontinye sèvis yo tou. Novo Dia ap sèvi plis pase 1,700 mache fèmme ak fèmme ki aksepte SNAP toupatou nan nasyon an. Gen karantnèf eta plis Washington DC ki pral benefisyè egzanp New York bay la, malgre aksyon gouvènman federal la pou li koupe sèvis pou moun ak fanmi ki gen revni ba yo epi ki konte sou asistans SNAP la.

“Yon fwa ankò New York pran devan pou pwoteje sitwayen nou yo kont yon gouvènman federal san kè”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Gras a mezi nou pran yo, benefisyè SNAP yo pral kontinye jwi aksè a pwodui agrikòl fre ak bon pou lasante nan mache fèmme yo toupatou nan New York.”

**Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape yo Samuel D. Roberts te deklare,** “Aksè a manje ki bon pou lasante epi ki nitritif se yon bagay ki ekstrèmman enpòtan pou popilasyon pi frajil nou yo. Kapasite benefisyè SNAP yo pou yo sèvi avèk alokasyon yo nan mache fèmme yo non sèlman nesèsè, men li pote avantaj ni pou fèmme yo ni pou moun yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè a poutèt aksyon ak lidèchip li pou garanti p ap gen enteripsyon”.

**Komisè Depatman Agrikilti ak Mache Richard A. Ball te deklare,** “Gras a aksyon rapid Gouvènè Cuomo a, New York ap entèni pou garanti fanmi li yo kapab kontinye sèvi avèk alokasyon SNAP yo nan mache fèmme yo toupatou nan peyi a epi fèmme nou yo konsève mwayen esansyèl sa a pou vant ak relasyon avèk kliyan. Posibilite kèlkeswa kalite enteripsyon sèvis la pou moun ki konte sou sèvis alokasyon elektwonik la pa akseptab, epi nou pral kontinye travay avèk OTDA, Federasyon Mache Fèmme New York la ak Novo Dia sou yon solisyon alontèm pou kominote nou yo”.

**Diane Eggert, Direktris Egzekitif Federasyon Mache Fèmme New York, te deklare,** “Pèt aksè a SNAP Novo Dia Group la bay la t ap yon bagay devastatè pou mache fèmme yo. Konsomatè ki gen revni ba yo t ap pèdi aksè a manje fre, bon pou lasante epi ki kiltive lokalman, alòske fèmme yo nan eta nou an t ap pèdi anpil revni ki esansyèl pou soutni fanmi fèmme nou yo. Nou bat bravo pou aksyon rapid Gouvènè Cuomo a

nan konsolide Novo Dia Group pou rès sezon mache a epi fè sa posib pou yo sèvi avèk SNAP nan mache fèmeye yo. N ap remèsye tou yon ekip kolaboratè andedan New York, epitou Pwogram Nitrisyon Asosyasyon Nasyonal Mache Fèmeye yo (National Association of Farmers Market Nutrition Programs) dèske yo travay di pou fè sa posib. Kontra sa a avèk Novo Dia Group pral sèvi pou jwenn yon solisyon pèmanan pou kenbe Mobile Market Plus”.

**Josh Wiles, Prezidan Novo Dia Group, te deklare,** “Nou ta renmen eksprime rekonesans pi pwofon nou pou ni Federasyon Mache Fèmeye New York la, ni Eta New York la. Nivo soutyen yo ak vitès yo te mete kolaborasyon sa a sou pye a te ekstrawòdinè. Kontra sa a pèmèt non sèlman Mache Fèmeye New York yo, men tout itilizatè Mobile Market+ yo nan tout nasyon an, pou yo kontinye fonksyone san ankenn enteripsyon sèvis”.

**Phil Blalock, Direktè Egzekitif Pwogram Nitrisyon Asosyasyon Nasyonal Mache Fèmeye yo, te deklare,** “Nou remèsye New York dèske li entèvni epi reyalize pwochen etap la nan kenbe teknoloji ekstrèmman enpòtan sa a pou fèmeye yo ak mache yo. Se yon bèl egzanp jan nou kapab fòje kalite patenarya sa yo pou ankadre ti fèmeye yo. Nou pa ka tann pou nou jwenn yon solisyon dirab, alontèm nan mwa k ap vini yo pou mache yo ak fèmeye yo kapab kontinye benefisyè sèvis sa yo”.

Eta a ap soutni reyalizasyon ak itilizasyon Transfè Alokasyon Elektwonik yo pou benefisyè SNAP yo nan mache fèmeye yo depi an 2002. Lane pase, New York te trete 3.4 milyon dola nan 221,051 tranzaksyon ki te fèt nan 243 lokal, epi konsa ofri manje ki bon pou lasante, ki nitritif pou prèske 60,000 fanmi nan New York.

Sou direksyon Gouvènè Cuomo, New York fè gwo pwogrè pou li non sèlman elaji epi amelyore itilizasyon SNAP la nan mache fèmeye yo, men epitou redui kou fonksyonman yo, pandan:

- Yon kantite rekò mache fèmeye toupatou nan eta a aksepte alokasyon SNAP yo kounye a;
- Finansman pou pwogram reyisi Chèk FreshConnect la (FreshConnect Checks) ogmante, sa ki ofri 2 dola prim ankourajman pou chak 5 dola alokasyon SNAP ki depanse nan mache fèmeye yo, sa k ap ogmante pouvwa dacha fanmi yo pa 40 pousan; epi
- An 2014, mache fèmeye New York yo te fè tranzisyon nan tretman SNAP/EBT sou telefòn entelijan jan li fèt kounye a pou ogmante efikasite epi redui kou fonksyonman yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)